



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 janvier 2013

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA NY SAFE ACT NAN ROCHESTER

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ale nan Rochester pou siyen Lwa NY SAFE Act (Lwa sou Bon Jan Ranfòsman Minisyon ak Revòlvè) k ap bay Eta New York lwa sou zam ki pi sevè nan nasyon an. Pwojè-lwa a gen ladan dispozisyon pou retire zam nan men kriminèl ak pasyan sante mantal ki ka danjere, epitou pou entèdi asenal ak zam atak yo.

Dapre pwojè-lwa sa a, New York ap vin premye eta nan nasyon an k ap entèdi nenpòt asenal ki kapab kenbe plis pase sèt (7) bal epi pou tcheke dosye kriminèl yon moun sou tout acha minisyon nan moman lavant lan. Pwojè-lwa a ap pèmèt otorite yo swiv acha minisyon nan moman pou avèti lapolis pou gwo kantite acha, epi l ap gen ladan yon prensip eta a pou mande sètifikasyon pèmi pistolè chak senk (5) ane. Pwojè-lwa a elimine tou yon mankman nan lavant prive pou asire tout ach zam depannde yon tchèk dosye kriminèl, epi li ranfòse sanksyon kriminèl sou moun k ap itilize zam ilegal.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Li bon pou siyen Lwa NY SAFE Act isit la nan Rochester, kote se sèlman kèk semèn ki pase depi yon bandi ki gen zam te ansasinen san rezon de (2) premye sekouris yo pandan yo t ap reponn pou yon dife nan Webster. Nouvo lwa sa a ap limite vyolans avèk zam nan refòm sans komen ak rezonab k ap fè New York vin yon kote ki gen plis sekirite pou viv. Lè sosyete a gen pwoblèm ki grav, se responsablite gouvènman an pou fè yon bagay, epi Lwa NY SAFE Act ap kounye a bay Eta New York pwoteksyon ki pi sevè ak pi fò kont vyolans avèk zam nan nasyon an.”

Senatè Eta a Ted O’Brien di konsa, “Pandan twò lontan, kominote ki nan eta a t ap soufri nan trajedi apre trajedi akòz vyolans avèk zam – epi Rochester pa gen eksepsyon. Lwa NY SAFE Act Gouvènè Cuomo ap batay kont vyolans avèk zam, epi l ap ede anpeche lavi moun inosan yo pèdi pidevan. Nouvo pwojè-lwa sa a bay eta nou an lwa ki pi sevè kont zam nan peyi a, lè li entèdi asenal gwo kapasite yo ak zam atak, epitou lè li retire zam nan men moun ki ka vin danjere. Amelyorasyon sa yo se bon jan amelyorasyon nan lwa nou yo kont zam, epi Lwa NY SAFE Act prale lwen nan pwoteje fanmi nou yo. Mwen fyè pou sipòte nouvo lwa Gouvènè a, epi m ap travay avèk li pou fè eta nou an gen plis sekirite pou tout moun.”

Dirijan Majorite Asanble a, Joseph D. Morelle, di konsa, “Apre ansasinay de (2) brav ponpye nan Webster ak 20 timoun inosan nan Newtown, Nouyòk yo mande aksyon sou sekirite kont zam. Nou reponn avèk sa nou kwè ki se yon pwojè-lwa ki gen bon sans toutbon pou redui chans pou gen trajedi sa

Haitian Creole

yo lè nou mete restriksyon sou disponiblite zam ki pi kapab lakòz kalite kanaj sa a. Mwen kwè tou nou kapab epi n ap reyalize sa pandan n ap respekte dwa moun ki posede zam epi ki respekte lalwa. Pami premye efò mwen yo kòm yon manm Asanble a se te yon demann pou limite disponiblite fizi atak ki gen gwo kapasite, epi se sitou yon rekonesans pou mwen patisipe nan batay sa a ki rekòmanse a pou redui vyolans avèk zam nan eta nou an. Mwen bat bravo pou Pòtpawòl Silver, Gouvènè Cuomo ak dirijan Sena eta a poutèt yo mete New York devan nan pwoblèm sekirite piblik ki pi enpòtan nou genyen nan moman sa a.”

Majistra Rochester, Thomas S. Richards, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak lejislatè eta nou an pou aksyon rapid yo nan pase Lwa sou Bon Jan Ranfòsman Minisyon ak Zam. Sa a se yon repons ki fò pou fè sekirite sitwayen nou yo toujou yon priyorite prensipal. Mwen fyè paske Eta New York vin premye eta nan nasyon an nan ranfòse lwa sou zam avèk pasaj Lwa NY SAFE. Twòp lavi detwi akòz vyolans avèk zam. Kominote nou an toujou ap geri akòz pèt de (2) premye sekouris nou yo, Lt. Mike Chiapperini ak Tomasz Kaczowka. Menmsi nou rekonèt pa gen solisyon senp pou mete yon pwèn final nan vyolans, pwojè-lwa enpòtan sa a ap gen yon enpak enpòtan. Lwa jeneral la ap ede nou pi byen pwoteje kominote nou yo, ak pwoteje fanmi nou yo pidevan. Nou swete lòt eta yo p ap pèdi tan nan adopte refòm sanblab.”

Chèf Lapolis Rochester, James Sheppard, di konsa, “Nan dènye ane yo, Vil Rochester pa t gen defans nan zak san rezon avèk zam ak vyolans gang yo. Sèlman nan dènye mwa a, yon trajedi ensipòtab te pase toupre Rochester, nan Webster, kote de (2) ewo lokal te mouri nan vyolans avèk zam. Gouvènè a te rekonèt sa te dwe sispann, epi dapre pwojè-lwa sa a, lapolis ap gen kounye a zouti nou bezwen pou aplike lalwa kont vyolans avèk zam, pou pèmèt nou swiv fason moun dwe posede zam, kontwole lavant minisyon epi bay kominote nou yo plis sekirite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan li, ki fè Eta New York vin yon premye modèl nasyonal pou kontwòl sansib sou zam yo.”

Dispozisyon enpòtan Lwa NY SAFE Act gen ladan:

Alèt sou Sante Mantal: Dapre pwojè-lwa sa a, pwofesyonèl sante mantal yo ap gen obligasyon pou rapòte ba ofisyèl sante lokal yo lè gen rezon pou kwè yon pasyan ka angaje nan konduit k ap lakòz domaj grav sou tèt li oswa sou lòt moun. Answit, y ap verifiye enfòmasyon sa yo nan nouvo baz done jeneral sou anrejistremant zam ki chanje regilyèman. Si pasyan an posede yon zam, y ap sispann lisans lan, epi lapolis ap gen otorizasyon pou pran zam moun nan.

Entèdiksyon ki pi sevè pou zam atak: Pwojè-lwa a prezante yon definisyon ki pi sevè pou zam atak, epi li mete anplas yon entèdiksyon imedyat pou zam atak ki defini yo. Dapre definisyon pi sevè yo, pistòlè semi-otomatik ak fizi ki gen bal detachab ak yon patikilarite estil militè ap konsidere kòm zam atak. Fizi semi-otomatik ki gen patikilarite estil militè ap konsidere kòm zam atak tou. Zam atak moun posede anvan dat lwa a anviyè dwe anrejistre anvan yon ane epi yo dwe re-sètifye li chak senk (5) ane. Pwopriyetè zam atak ki la anvan yo ka sèlman vann yo deyò eta a oswa avèk yon moun nan eta a ki gen lisans federal pou gen revòlvè. Dapre pwojè-lwa a, Bushmaster yo te itilize nan fiziyad Newtown, Connecticut ap ilegal.

Haitian Creole

Règleman ki pi sevè sou minisyon: Dapre pwojè-lwa a, New York ap gen entèdiksyon ki pi sevè sou bal gwo kapasite nan peyi a, avèk yon limit sou kapasite sèt (7) bal, anba limit dis ki la kounye a. Pwojè-lwa a gen ladan yon entèdiksyon sou posesyon bal gwo kapasite anvan ane 1994, epi l ap egzije pwopriyete yo pou vann bal ki entèdi yo deyò eta a anvan yon ane. Bal dis (10) seri ki la deja yo kapab ansyen, men yo ka sèlman chaje avèk 7 seri.

Pou swiv moun k ap achte minisyon gwo volim yo, pwojè-lwa a ap fè New York vin premye eta nan nasyon an pou swiv acha minisyon nan moman reyèl. Tout moun k ap vann minisyon dwe enskri nan Lapolis Eta a, epi chak lavant ap egzije yon tchèk dosye kriminel eta a ak transmisyon yon dosye lavant ba Lapolis Eta a, yon fason pou pèmèt yo voye alèt sou acha gwo volim yo. Dosye minisyon an ap elimine nan yon ane apre soumisyon an. Moun k ap vann yo dwe rapòte nenpòt pèt envantè yo. Pwojè-lwa a ap gen ladan tou yon entèdiksyon sou lavant dirèk minisyon nan entènèt. Livrezon minisyon yo kòmmande nan entènèt fèt nan yon tranzaksyon fas-a-fas avèk yon machann zam epi moun k ap achte a dwe pase yon tchèk dosye kriminel eta a. Moun ki te fè fiziyad nan Aurora ta ranmase 600 seri nan acha dirèk nan entènèt.

Re-sètifikasyon revòlvè ak zam atak nan eta a: Pwojè-lwa a ap egzije moun ki gen yon lisans pou revòlvè oswa ki anrejistre yon zam atak nan Eta New York pou yo re-sètifye chak senk (5) ane nan konte kote y ap viv la. Avèk enfòmasyon ki pi egzakt, eta a ap kreye yon baz done pèmi elektwonik pou zam yo ka tcheke kont lòt baz done ki gen non moun k ap diskalifye pou posede zam pou tire, tankou moun ki gen kondanasyon kriminel, angajman envolontè, ak moun ki depannde lòd pwoteksyon, ak dosye lanmò.

Tchèk Dosye Inivèsèl – eliminasyon mankman nan lavant prive: Pwojè-lwa a ap egzije tout transfè zam ant pati prive yo, sof fanmi imedyat, ki dwe fèt avèk yon moun ki gen lisans federal pou gen revòlvè, dwe depannde yon Tchek Imedyat Nasyonal Dosye Kriminel federal.

Dispozisyon pou Webster: Dapre pwojè-lwa a, ansasinay yon premye sekouris ki angaje nan responsablite yo ap vin yon krim Klas A-1, avèk yon sanksyon obligatwa pou pase lavi nan prizon san libète sou kondisyon. Yo te kreye dispozisyon an pou bay lonè pou memwa Lt. Mike Chiapperini ak Tomasz Kaczowka kite viktim yon fiziyad ki te touye yo nan Webster, New York, nan dat 24 desanm 2012.

Pwolongasyon ak Ranfòsman Lwa Kendra: Lwa Kendra (Kendra's Law) ap pwolonje pou dezan – jiska ane 2017 – epi peryòd tretman obligatwa pou pasyan ki entène ap pwolonje ant 6 mwa ak yon ane. Answit, yon revizyon ap obligatwa anvan yon prizonye ki gen maladi mantal jwenn liberasyon li.

Pwoteksyon Fanmi yo: Lè yon jij bay yon lòd pwoteksyon ak lè li jwenn yon gwo risk ki montre moun nan depannde lòd la ap itilize yon zam kont moun ki pwoteje anba lòd la, jij la gen obligasyon pou egzije pou moun nan remèt zam nan.

Bon Jan Estokaj Zam: Pou pi byen asire zam yo pa fasil pou moun ki entèdiksyon pou posede yo jwenn yo, pwojè-lwa a egzije bon jan estokaj zam nan kay kote gen moun ki te kondane pou yon krim, ki te fè

krim yon fason envolontè, oswa ki depannde yon lòd pwoteksyon. Lwa eta ki la deja egzije tout zam y ap vann an detay nan eta vann avèk yon seri zam.

Pa Kite Zam antre nan Lekòl yo: Dapre pwojè-lwa a, sanksyon pou posede yon revòlvè nan espas lekòl oswa nan yon otobis lekòl ap ogmante ant yon deli pou rive yon Krim Klas E. Lwa SAVE eta a (Lekòl Pwoteje Kont Vyolans nan Edikasyon) egzije distri lekòl yo pou yo devlope plan sekirite tankou depasman, ranvwa, repons kominotè, ak alèt pou fanmi, lapolis ak lòt lekòl ki nan zòn nan sizoka gen yon ensidan vyolan oswa yon lòt ijans. Pwojè-lwa a ap pèmèt distri lekòl yo soumèt plan sekirite lekòl yo ba yon Ekip Amelyorasyon Sekirite Lekòl Eta New York ki fèk kreye, ki gen ladan reprezantan nan ajans eta a ki gen espètiz enpòtan (pa egzanp, DHSES, Lapolis Eta a, DCJS), k ap revize plan yo ak ede kominote yo devlope plan yo. Kèk amelyorasyon nan sistèm sekirite ki deziyen ap kalifye pou ranbousman amelyore anba fòmil Èd nan Bilding Lekòl eta a. Vil New York, Buffalo, Rochester, Yonkers ak Syracuse p ap konsène.

Sanksyon pi sevè pou itilizasyon zam ilegal: Pwojè-lwa a kreye sanksyon ki pi sevè pou moun ki itilize zam, epitou li kreye mezi pou ede batay kont vyolans gang yo. Sanksyon ki pi sevè dapre pwojè-lwa a gen ladan:

- Posesyon yon zam ki pa chaje ap sòti nan nivo yon deli pou rive nan nivo yon krim Klas E.
- Blese yon timoun yon fason neglijan avèk yon revòlvè ap vin yon krim Klas D.
- Acha yon zam pou yon moun achtè a konnen ki pa kalifye akòz yon kondanasyon pou yon krim, yon zak envolontè oswa lòt sa ki pa kalifye yon moun, ap sòti nan nivo yon deli pou rive nan yon krim Klas D. Sa ap pase nan nivo yon krim klas D tou pou lavant oswa transfè yon revòlvè ba yon moun ou konnen ki entèdi pou posede yon zam.
- Sanksyon ki pi sevè pou bay pèmi pou pouswit lajistis yon fason ki efikas kont gang, pou pèmèt yon pwokirè mande prizon pou 25 ane oswa prizon avi (anvan se te sèlman 15 ane) pou tout yon gwoup lè yon gang patisipe nan ansasinay la.
- Itilizasyon oswa pote yon revòlvè pandan trafik dwòg oswa yon krim vyolan ap gen ladan yon santans minimòm 5 ane obligatwa si zam nan chaje ak yon santans minimòm 3½ ane obligatwa si zam nan pa chaje. (Tribinal la kapab enpoze yon santans ki pi piti nan pwosè trafik dwòg selon faktè grav yo).
- Pataje yon zam avèk yon moun ki pa otorize pou posede yon zam epi ki fè yon krim ap yon fasiliteyasyon kriminèl.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418